
Нур
6+
10
2018

## Редакторым и псалъэ

*Бжьыхьэ дыщафэм и курыкупсэщ, сурэтыщІ цІыкІухэм фи тхъэжыгъуэ зэманщ. «Жэнэт лъахэ» зыхужаІэ мы ди щІыпІэм и дыщэплъ плъыфэм дызэгъусэу дыщывгъэгуфІыкІ, абы тефщІыкІ сурэтхэр къытхуевгъэхьмэ,дигу нэхъ ирихьхэр теддзэнущ.*

*Ди лъэпкъым и тхыдэр фщІэн хуейщ. Сыт зищІысыр Къэнжал зауэр? Дапщэщ къыщыхъуар? Абы теухуа тхыгъэ мы къыдэкІыгъуэм тетщ.*

*Гу лъыфтэ дуней псом цІэрыІуэ щыхъуа адыгэ фащэм.Фэ фыхуейт абы ещхь щыгъын фщыгъыу еджапІэм фыкІуэну? Ар дапхуэдэу зэрыщытын хуейр?*

*Сурэту фщІыи къытхуевгъэхь.*

**nur.kbrl982@yandex.ru**

## Гъэмахуэ плъыфэр дохъумэ



***Хьэту Пётр***

### ІУЩХЬЭ ПЛЪЫЖЬ

Нобэ губгъуэм сыщыІати,
Іущхьэ плъыжь сыщыхуэзащ,
«УэІ!.. Сэлам узох!» – жысІати,
Уа-а!.. Си деж зыкъигъэзащ!..

Абы, сощІэ, узэхехыр,
ЗэрыІутыр псэ къэсщІащ,
А нэхунэм сэлам щесхым,
ФІэхъус тыкІэу щхьэр ищІащ.

Губгъуэ гуащэ дахэ дыдэ
Бысым гуапэу къыщІэкІар,
Зэстыжауэ псалъэ быдэ,
Сэ къисчынкъым афІэкІа.

Іущхьэр Тхьэшхуэм къигъэщІащи,
Губгъуэм хуиту щырепсэу,
Сэри си гур хигъэхъуащи,
Си тІэу пкІэгъуэщ дуней псор!

# Ди гъэгъахэр



**Жэщудз**
Ночная фиалка



**Къадзыгъуэнапэ**
Роза



**Кърухугу**
Незабудка



**Мэжджытжыг**
Сирень



**Епэр**
Фиалка



**Бжэнтхьэпэху**
Василёк



**Гъэгъагъэшхуэ**
Георгины



**Шынэ-шынэ**
Ромашка



**Гуащэщхьэц**
Гладиолус



**Іущхьэ**
Мак



**Къэлэрдэгу**
Ландыш

*Аброкъуэ Беллэ*

# НАНЭ И ФАЩЭ

Нанэ и фащэр
Щабэу пэщащэт,
Щимэ дыщафэм
ИщIт лъабэдий.

Дарий Iэщхьэхур
Жьыхуу хуэрахуэт,
Iущащэ хуэдэ
КIапэху бжьамийр.

Нанэ и фащэм
Гуащэу зигъазэт,
Сыхуэмыгъасэм
Гусэт Iэдийр.
Дадийуэ пщIыпщIу
Абы и тхьэмпэ
ТещIыхьа тхыпхъэр
ТхьэрыкI нэбзийт.

Псысэ Iущащэр
Iум изгъэщащэу,
Фащэм и куэщIым
КIущэу зисшыхьт.
Шэхэх уэрэди
ЩыIэу сымыщIэу,
Бжьамий кIапэхур,
Хурхэр си пщIыхьт.

…Iу бахъэ – хъару
ПщIыхьыр IуосыкIри,
Тхьэшхуэ хуэуджу
Зыдызошей.
Си пкъыр хуэпабгъэу
Фащэм сыпсэуми,
СылъэмыIэсу
Сыхудоплъей.



# ДЭНЛЪЭЧ

Мамэ и Iэпэм
мастэр къигъафэт,
Фащэ си гуащэм
хуиду дыщыст.
Дыщэпс хэдыкIым
пыIэр къигъаблэт,
Блыуэ шыхьауэ
топ цIыкIу щхьэщыст.

– Сыт мыр зищIысыр? –
мамэ соупщIыр.
– Нэ темыгъахуэщ,
дэнлъэч шыр цIыкIущ.
Ар тхьэ тхуелъэIуу
жэщкIэ мэусэ,
Уэгум дэплъейуэ
пыIэм щхьэрысщ.



# ДИ ГУЛЪЫТЭ ХУЭНЫКЪУЭЩ

*Адыгэ Iуэрыlуатэм жеlэ: «Уэгур щымыджэмыпцlэу щlылъэр щызэпцlагъащlэм»... Зэгуэр хьэуауэ, псыуэ щыта ди щlыр зэпцlын папщlэ илъэс миллиардиплl дэкlащ. Абы тет къэкlыгъэхэм я нэхъ лъэщ дыдэхэр лlэщlыгъуэ куэдкlэ пэщlэтащ «дунейкъутэжхэм». Пэщlэтам имызакъуэу, псыхьа хъуащ.*

## Къэкlыгъэхэм сыт я къару?

Къэкlыгъэхэм хьэуар уфlея хъуамэ, ягъэкъабзэ, организм зэмылlэужьыгъуэ куэд дунейм ират. Абы и закъуэ! Уэгум къех къешх-къес псыlагъэхэм, щыблэм, дыгъэ бзийм я къару лейр зыщlашэ. Къэкlыгъэхэм я фlыгъэкlэ жьыбгъэшхуэм щlыгулъ lэфlыр (къэкlыгъэ къызытекlэ щlы щхьэфэ пшэрыр) ипхъэнкlкъым, уэшхышхуэм илъэскъым.

## Удзрэ жыгрэ хэт нэхъ лъэщ?

Нэхъ къарууэ къыпщыхъунущ жыгыр, инщ, бгъуфlэщи. Арщхьэкlэ ар . жьапщэм ирищlыкlмэ, псыдзэм ирилъэсыкlмэ, дыгъэ гуащlэм игъэгъумэ зыкъыхуэужьыжкъым. Дунейм и къэхъукъащlэхэм нэхъ тыншу пэщlэтщ удз цlыкlур. Абы «lэмал, хьилагъэ» куэд зыхилъхьащи нэхъ къарууэ къыпщохъу. Жыгыку гъуанэхэми, унащхьэхэми, мывэ гъэжа зэхуакуми къыщыкlынущ удз цlыкlур.

## Жыгхэр удз цlыкlухэм зэрефlэкlыр сыт?

Жыгхэр лъагэщ, я пкъыр гъумщ, я щхьэкlэхэр баринэщи, ахэр lуву къыздэкl щlыпlэхэм (мэзхэм) щlым и псыlагъэр хъума щохъу. Мэз lувхэр lумытамэ, Индыл, Тэн, Тэрч хуэдэ псышхуэхэр диlэнутэкъым. Дауэ ар къызэрыхъур?

Уэс къесамэ, дыгъэ гуащlэм ар занщlэу имыгъэткlужу, щхьэкlэ lуву зэхэт жыгхэр зэран хуохъури, псыр хуэм-хуэмурэ щlоткlукl. Щlым псыlагъэр хэкlыркъым, а щlэткlукlар хэлъадэурэ, кхъухь щызекlуэ псыежэххэр нэхъ цlыкlу мыхъуу, мыгъужу къонэ.

**Фисун Михаил,**
*мэкъумэш щlэныгъэхэм я доктор,*
*профессор*

*Къардэн Бубэ*

# ЖЫГ ЦIЫКIУ

(Рассказ)

ЦIыкIухэм гъуэгубгъум деж жыгыщIэ щыхасат. Хъарзынэу хиубыдэри, тхьэмпи къыпыкIащ, баринэ дахэу.

Зы щIалэ цIыкIу гуэр, жыгыщIэм блэкIрэ пэт, пщIащэ къыпичщ, иIуэтри хыфIидзэжащ. «Щхьэ къыпысча мыр? – игу къэкIащ абы, ауэ псынщIэу и гур зэгъэжащ: – Ягъэ кIынкъым, сыт а зы пщIащэр къыпысчакIэ зэрану иIэр! Жыгым пщIащэ и куэдщ». НэгъуэщI зы щIалэ цIыкIу, блэкIрэ пэт, къудамэ къыгуищIыкIащи йогупсыс: «Сыт ягъэ кIын мы къудамэ цIыкIу закъуэм щхьэкIэ?».

Топ иIыгъыу хъыджэбз цIыкIу жэрт. Абы топыр дридзеящ, ар къехуэхыжщ, «боф» жиIэу къытехуэри жыг щхьэкIэр фIищIыкIащ.

«Хъуакъым ар, – гущIыхьэ щыхъуащ хъыджэбз цIыкIум, ауэ игу игъэфIу щIигъужащ: – Ягъэ кIынкъым, щхьэкIэщIэ къыдэжыжынщ».

Бжэн блэкIырти жыгыщIэм егъуащ, лъакъуэрыгъажэм тесыр къэувыIэри, а жыг цIыкIум «гъущIышыр» иригъэщIащ, иритхъуэкIыу.

СэжанырщIэ иIыгъыу щIалэ цIыкIу къакIуэм, «сеплъынти мы си жаныр зыхуэдэм», – игу къэкIри къудамэ къыпиупщIащ.

«Сэжан хьэлэмэтщ!»...

Жыг цIыкIур гъужащ.



# ГЪЭСАКIУЭ - 2018




Ди къэралым 2004 гъэ лъандэрэ щагъэлъапIэ сабий гъэсакIуэхэм я Махуэшхуэр. КъБР-м щIэныгъэмкIэ и министерствэм ар хуабжьу нэгузыужьу, Iэтауэ республикэм щрегъэкIуэкI. ФIыщIэшхуэ яхуэфащэщ **Мыз Маринэрэ Кравцовэ Фатимэрэ**. А IэщIагъэ дахэм ирилажьэ гъэсакIуэхэм гу хуабагъэIэзагъэу халъхьэр-щэ! КъызэрыгуэкI дунейр Сабиигъуэ псысэ зыщIыфхэм Iэмалищэрэ зырэ ящIэ!



Махуэшхуэм ирихьэлIэу ирагъэкIуэкI «ГъэсакIуэ-2018» зэхьэзэхуэм щытекIуэр къэрал утыку йохьэ. Мы гъэми екIуэкIащ ар, хэта цIыху 12-м лIэужьыгъуэ куэдкIэ зыкъагъэлъагъуэу, япэу ялъэгъуа сабийхэм зэрадэлэжьэфыр, къызэрыдахьэхыф Iэмалхэр ядэплъагъуу, я хьэл-щэныр, щIэныгъэр зыхуэдэр зыхэпщIэу, зи лэжьыгъэм «щэху» гуэрхэр хэзылъхьэфхэри наIуэ пщыхъуу. А зэхьэзэхуэ





гъэщІэгъуэным щытекІуащ Дзэлыкъуэкъуажэ и сабий сад №1-м и лэжьакІуэ **БжэныкІэ Зулеттэ**. Гурэ-псэкІэ а гъэсакІуэр сабийм зэрахэтыр гурыІуэгъуэт, темэ къыхихар щІэблэм нэхъыфІ дыдэу зэрызебгъэузэщІыфыну-театрыр арт.

Театр джэгу ныбжьыщІэм, япэ дыдэрауэ, гъуазджэр къыгуроІуэ, емрэ фІымрэ зыхещІэ, литературэмрэ ІуэрыІуатэмрэ я фІыпІэр гукІэ щызригъащІэкІэ гурыхуи жьэнахуи мэхъу, и укІытэм токІуэ, цІыху хэтыкІэр къыгуроІуэ.

ТеатркІэ сабийм зеузэщІ,зеукъэбз...

Зулеттэ гуащэхэм я театр хьэлэмэт игъэлъэгъуащ (Іэрэ-лъакъуэкІэ), лъакъуэм кІэрыщІа гуащэхэр ІэкІэ зэригъакІуэу. Апхуэдэ театрым хэт сабийм тхъэжыгъуэу иІэнур дапхуэдиз! А гуащэ щабэ цІыкІухэр гъэсакІуэм и ІэкІэ зэридыжым и щыхьэту, зэригъэхьэзыр щІыкІэри игъэлъэгъуащ.

ГъэсакІуэ ІэзэхэмкІэ ди республикэр къулейщ. **Сабийгъасэ** зиІэ лъэпкъым зиужьынущ.

*Зи ІэщІагъэ, дэзыхьэх Іуэхум щехъулІэ гъэсакІуэхэм, егъэджакІуэхэм, сабийхэм ди журнал цІыкІури яхуэлэжьэнущ.*






**Аброкъуэ Беллэ**





Тхыдэ

# КЪЭНЖАЛ ЗАУЭ



*ЩIэджыкIакIуэ цIыкIухэ! Тхыдэм ещIэж Iуэхугъуэшхуэ куэд. Абыхэм яхэтщ пъэпкъым и щIыхьыр къэзыIэтхэри нобэр къыздэсым цIыхубэр зыгъэгумэщI гукъэкIыжхэри. Иджыпсту щыгъуазэ фытщIынщ къэбэрдейхэм илъэс 300 япэкIэ, I708 гъэм, къахьауэ щыта текIуэныгъэ иным - Къэнжал зауэм и хъыбарым.*

Къэнжал щIыпIэр КъуэщхьэхъуэщIыналъэм щыщщ, абы укIуэ мэхъу гъуэгуитIкIэ - Гундэлэн къуажэм (е Гундэлэн аузым) удэкIыуи, Балъкъ аузымкIэ удэкIуейуи.

...XVIII лIэщIыгъуэр екIуэкIырт. А зэманым Къэбэрдейм и уэлийр (хэку унафэ зыщIыр) ХьэтIохъущокъуэ Кургъуокъуэт. Къэбэрдейхэм я щIыналъэт Псыжьрэ (Кубань) Сунжэ псым и зэхэжыпIэмрэ яку дэлъыр.

КъухьэпIэмкIэ щыIэ адыгэхэр зи тепщэныгъэм щIэзыгъэува Тыркумрэ Къырымымрэ КъэбэрдеишхуэмкIэ къеIэрт, ауэ зэрахуейм хуэдэу я унафэ щIагъэувэфыртэкъым. Къэбэрдейр Къырымым и тепщэныгъэм зэи щIэтакъым, ауэ къырым хъанхэм къалъытэрт дищIхэр я жыIэм щIэту. Абы къыхэкIкIэ, щIалэ цIыкIухэмрэ хъыджэбз цIыкIухэмрэ щэ бжыгъэкIэ; шыхэр, Iэщэ лъапIэхэр, нэгъуэщI фIыгъуэхэри куэду иратын хуейуэ. Апхуэдэ щытыкIэр Къэбэрдейм хуэмышэчыж хъуащ. ЛъэныкъуэхэмЯ зэхущытыкIэр ткIий хъуат тыгъэ лъапIэхэр зэхуихьэсыну къэкIуа хъаныкъуэ Шэбэз-Джэрий адыгэхэм яукIа нэужь.

Зи хъаныгъуэ Къаплъэн-Джэрий мурад ищIащ Къэбэрдейхэм яхурикъуну икIи абыкIэ хъыбар иригъэщIащ тырку сулътIаным. Иужьрейм ар къыхуигъэдэхащ икIи къыжриIащ зауэлI мин 30-40 хуэдиз зэхуишэсу, езыр я унафэщIу зекIуэ ежьэн хуейуэ. Къаплъэн-Джарий къаруушхуэ зэщIигъэуIуащ.

Абы зэхуишэса дзэм хэтт тыркухэр, тэтэрхэр, нэгъуейхэр. Хъаныр къызэрыкIуэр пасэу къэзыщIа къэбэрдейхэм я щхьэгъусэхэр, сабийхэр бгыхэм ягъэIэпхъуащ. Къэбэрдейхэм къагурыIуэрт тэтэрхэм нахуэу уапэщIэувэну зэрышынагъуэр: я щхьэхуитыныгъэр яфIэкIуэдынкIэ хъунут. Къэрэщей гъуэгумкIэ къыщхьэдэхыу Къэнжал хэщIапIэ зыщIа хъаныр зэтрауIэфIэну хэтащ. Уеблэмэ езы ХьэтIохъущокъуэ Кургъуокъуэ хъаныкъуэм хуэзащ икIи елъэIуащ тыгъэхэр Iахыу я гугъу къамыщIыну. Мыдрейм ар къигъэпудауэ, уеблэмэ и лулэм илъ сахуэр пщы уэлийм и щхьэ упсам къытригъэлъэлъауэ яIуэтэж. Арати, гурыIуэгъуэт зэпэщIэмыувэу зэрымыхъунур.

Кургъуокъуэ къигупсысащ бэлэрыгъа тэтэрхэм зэратеуэн Iэмал. Iуащхьэм и щыгум къраутIыпщхьэхащ мафIэ зыщIэдза мылыфхэр зыкIэрыпха шы щищ. МафIэм ис псэущхьэ гужьеяхэр зэрыгъэкIийуэ яхэлъэдащ мамыру жей зэрыпхъуакIуэхэм. Къэхъуар къагурымыIуэу, нэбэнэушэу къыщылъэтхэри, зэрыупщIэтэжу хуежьащ. Нэху ща нэужь, къэнэжахэр ди зауэлIхэм зэтраукIащ. Къуэ куум зыщызыгъэпщкIуахэр мывэшхуэхэмкIэ даукIыхьащ. **Апхуэдэ щIыкIэкIэ адыгэ шу мини 7-м мин 50 зи бжыгъэ кърымыдзэр хьэбэсабэ ящIащ. Езы Къаплъэн-Джэрий щIэпхъуэжащ, и къуэри, и къуэшри, и хьэпшып лъапIэхэри губгъуэм къринэри.**

Къэбэрдейхэм къахьа текIуэныгъэ телъыджэр щIыпIэ куэдым щызэлъащIысат.

Бийм удын напэтех езыдза, Хэкум и щхьэхуитыныгъэр зыхъума ди адэжьхэм я щIыхьыр щIэблэм и дежкIэ щапхъэщ.

*«Нур» журналым къитхыжащ*
*2008 гъэ (№10)*



## ІУЭХУНШЭ

Къуаргъым имыІуэху зэрихуэу, псоми яхэпсэлъыхьу къыздилъэтыхьым жыгейм щхьэкІэ еуэри къехуэхащ.
– Насыпыжьыр иІэти щхьэкуцІыншэщ, – жиІащ жьындум, – армыхъу и щхьэ куцІыр хъеят.

## ДЖЭДЖЬЕЙ ГУБЗЫГЪЭ

Бажэм джэджьейр къиубыдри ишхыну зыщигъэхьэзырым, шырыр къэлъэІуащ:
– Сэ иджыри сыцІыкІущ, сумышх. Си пІэкІэ си адэмрэ си анэмрэ къыпхуэсшэнщи, уи мэжалІэр нэхъ икІынщ.
Бажэр егупсысщ, джэджьейм жиІэр и фІэщ хъури – иутІыпщыжащ.
Джэджьейр лъагапІэ тетІысхьауэ бажэм къыщодыхьэшх:
– Си адэ-анэм куэдрэ уежьэн хуей хъунущ, бажэжь, сэ инкубаторым сыкъришащ!





## ЦЫЖЬБАНЭМ И ЩХЬЭР ТРЕГЪЭУЖ

Пшагъуэщ. Цыжьбанэр щыхупIэм щхьэщысщ маджэри:
– Дыгъужь! Сызэхэпхрэ, дыгъужь?!
Абы и гъунэгъуу хъуакIуэ шыжьыр мэгъумэтIымэ:
– Уи жьэр убыд, армыхъу сыноуэнщи хьинтIрэхьисэу щыхупIэм урезгъэхьэхынщ.
Абы жиIэм емыдаIуэу, цыжьбанэр аргуэру маджэ:
– Дыгъужь! Упсэу, дыгъужь?!
Шыжьыр къыщIопхъуэри цыжьбанэм щеуэкIэ, модрейм зыщIедзри, шыжьыр щыхупIэм йохуэх.
Цыжьбанэр аргуэру щыхупIэм щхьэщысщ:
– Шы! Уоу, шы, упсэу?!




## КЪУАЖЭХЬХЭР



КIурэ-кIурэ бэлацэ,
Зи щIыб бацэ темыкI (Бабыщ)

Жыжьэу уплъэмэ - уэс Iэтэ,
УекIуэталIэмэ - Iупэплъ (Къаз)



Шындэбзий гъэгъуагъуэ,
Данагъуэ пщэдыкъ (Адакъэ)



Зи фэр техьэтекI,
Зи кIэр гушэрхъ (Гуэгушыхъу)



# КъэщIэрей

Бжыгъэхэр хуэкIуэу тевгъэувэж

Угъынумэ, къеблагъэ!



3

Чей из псы

ЩIакхъуэм пащI



1

Шым удигъэжэнщ



2



4

ЩIыIэм уисмэ, еплъи зыхуапэ

Кином «IэфIу» урегъэплъ



7

Таурыхъым хэт Синьор...



5



6



8

Лъакъуэ кIэщI-хэм ягъэныбжьэгъу

Балканым къикIа хьэщIэ.



9

Феплъыт мы тIум! Дэтхэнэми вакъэ тIорыкIуэгъуэ къыщэхумэ, вакъэ лъэныкъуэр лей хъунущ... Апхуэдэуи щхьэж и вакъитI къыщтэу щытмэ – зы лъакъуэр лъапцIэу къэнэнущ! Дауэ ящIмэ нэхъ я фейдэуэ пIэрэ?



ЦIэ яфIэфщынтэкъэ мы цIыкIуитIым?! Сыт хуэдэ планетэм къикIауэ къыфщыхъурэ мыхэр?

# ИОРДАНИЕМ

## АДЫГЭ ФАЩЭМ И МАХУЭР ЩАГЪЭЛЪЭПІАЩ











*ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЖУРНАЛ ДЛЯ ДЕТЕЙ «НУР»*

Издается
С 1 января 1982 года
№ 10 2018 г.

Учредитель:
Государственное казённое учреждение Кабардино-Балкарской Республики «КБР-Медиа»

И. о. главного редактора
***Б. М. АБРОКОВА***

Редакционный совет:
***Х. КАРМОКОВ***
***А. КАРМОВА***
***Е. ТХАМОКОВА***
***Х. ТИМИЖЕВ***
***П. ХАТУЕВ***

Художественный редактор
***М. ХАЛИЛОВА***

Компьютерная вёрстка
***Н. РАСТОРГУЕВОЙ***

Журнал зарегистрирован Управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникации по Кабардино-Балкарской Республике. Рег. ПИ № ТУ07- 00125 от 11.01.2018 г.

Сдано в набор 05.09.2018

Подписано к печати 05.10.2018 г.
Выход в свет 31.10.2018 г.

Формат 60х90 $^1/_8$
Бумага мелованная
Гарнитура Arial, Tolstyak. DrunkC, Comic Sans MS.
Печать офсетная
Усл. печ. л.2
Усл. кр.- отт 8
Уч.- изд.л. 2,7

Тираж экз. 2175
Заказ № 216
Индекс 73912

Стоимость одного номера по подписке через ФГУП «Почта России» – 13,87 руб.; за 6 мес.– 83,22 руб.

Адрес редакции:
360000, Нальчик,
пр. Ленина, 5.
Тел.: 42-17-53, 42-75-30
**nur.kbr1982@yandex.ru**

Адрес издателя: 360017,
г. Нальчик, пр. Ленина, 5.
ГКУ «КБР-Медиа».
Дом печати.

Отпечатано в типографии
ООО «Тетраграф»
360000, КБР, г. Нальчик,
пр. Ленина, 33.

Отпечатано в полном соответствии с качеством предоставленного электронного оригинал-макета.